# Mashoko Ezvekupinda Munyika Uye Mavhiza Zvevakamboshungurudzwa Nezvebonde Uye Kuitirwa Chisimba

Vadzidzi vakabva kune dzimwe nyika vanenge vachida kubvunza nezvekupinda munyika kana zvemavhiza vanokurudzirwa kutsvaka ruyamuro rwegweta rezvekupinda munyika. Gwaro rino rinotsanangura zvimwe zvikamu zvemutemo, asi harisi kutora nzvimbo yekuwana mazano kubva kunyanzvi dzezvemitemo.

**Ndakashungurudzwa nekuitirwa chisimba, saka mamiriro enyaya yangu yekupinda munyika anokanganisa kuwana kwangu ruyamuro**

Aiwa. Pamutemo, vadzidzi uye vashandi vakamboshungurudzwa nezvebonde kana kuitirwa zvechisimba vane kodzero pasi peTitle IX of the 1972 Education Amendments (Title IX) neViolence Against Women Act (VAWA), zvisinei nemamiriro akaita nyaya yokupinda kwavo munyika kana mavhiza avo.

Mashoko anowanika pachikoro eruyamuro rwekurapiwa uye rwemazano, uye mikana yepokugara, zvinogona kuwanika pa: https://1is2many.okstate.edu/

Mashoko nezvekuzvibata kwemudzidzi anogona kuwanika pa: https://studentconduct.okstate.edu/code

Koreji haisi kuzokutsividza kana kukubata zvakasiyana nevamwe pamusana pekuti wamhan'ara nyaya.

**Zvinoita here kuti ndisungise nyakupara mhosva kana ini ndakapinda munyika ndiine mapepa kana kuti ndisina?**

Ehe. Mashoko nezvezvinonzi imhosva nehurumende nezvechisimba mudzimba, pakupfimbana, uye munhu anoramba achingokutevera anowanika muAnnual Security Report: https://police.okstate.edu/annual-security-reports

Mibvunzo yakananga nezvekuti unosungisa sei munhu inogona kupindurwa ku:

Oklahoma State University Police Department, OSUPD
104 USDA Building, Stillwater, Oklahoma 74078
405-564-6523
https://police.okstate.edu/
1is2many@okstate.edu

**Pane here anonzi mavhiza uye mapindiro emunyika anonzi ndeevanhu vakaparirwa mhosva?**

Ehe. Pane mavhiza anosanganisira maU nemaT evanhu vakashungurudzwa nezvebonde, chisimba mudzimba, pakupfimbana, uye vane munhu aingoramba achivatevera. Kana paine chaunonyatsoda kuziva taura negweta rezvekupinda munyika.

| Vhiza reU | Vhiza reT |
|---|---|
| Nderevaya vakanyanya kukuvadzwa kana kuvhiringwa pfungwa nezviitiko zvekuparwa kwemhosva kusanganisira kushungurudzwa nezvebonde, chisimba mudzimba, chibharo, kurohwa, kana zvimwe zvakadaro<br>-Nyakukumbira anofanira kunge akakuvadzwa pamusaka pemhosva dzinotarisirwa pavhiza racho, uye ari munhu anozogona kubatsira pakuferefetwa kwenyaya yacho kana pakutongwa kwemhosva<br>-Rinowanzogara kwemakore mana<br>-Kana uchida mamwe mashoko, taura negweta rezvekupinda munyika, uye ona:<br><br>http://www.uscis.gov/humanitarian/victims-human-trafficking-other-crimes/victims-criminal-activity-u-nonimmigrant-status/victims-criminal-activity-u-nonimmigrant-status | Nderevaya vakamboitwa nhapwa<br>-Nyakukumbira anofanira kutevedzera zvinodiwa nemapurisa pakuferefeta nyaya kana pakutongwa kwemhosva dzekutapa vanhu (kunze kwekuti asingagoni kubatsira pamusana pekukuvara kana kuvhiringika pfungwa), uye zvinofanira kunge zvakajeka kuti munhu wacho achatambura zvakaipisisa kana akabudiswa muUnited States<br>-Rinowanzogara kwemakore mana<br>-Kana uchida mamwe mashoko, taura negweta rezvekupinda munyika, uye ona:<br><br>http://www.uscis.gov/humanitarian/victims-human-trafficking-other-crimes/victims-human-trafficking-t-nonimmigrant-status |

**Pane here hofisi pachikoro inogona kundipa mamwe mashoko?**

, International Students & Scholars
250 Student Union, Stillwater, OK 74078
405-744-5459
https://lcl.okstate.edu/iss/
su-iss@okstate.edu

Hofisi yeInternational Student and Scholar Services inogona kupa mashoko anoshanda nezvekupinda munyika. Ziva kuti kana iri nyaya yemibvunzo nezvekuchinja mhando yevhiza, kana dzimwe mhando dzemavhiza evadzidzi asiri eF-1 kana eF-2, kana mavhiza anopihwa vashandi, taura negweta rezvenyaya yacho.

| Mhando Dzemavhiza |
|---|

The State University of New York

| | |
|---|---|
| Evadzidzi eF-1 neJ-1<br>• Mikana yokubvumirwa kuita kosi isina zvakanyanya kuwanda pamusana peurwere hunenge hwabvumwa kuti huripo nachiremba kana mazvikokota wezvokurapa<br>• Mikana yokusiya purogiramu yauri kudzidza, uye zvinogona kuguma zvaitika kana wadaro<br>•Mashoko nezvekugona kudzoka kwemudzidzi pazvidzidzo zvake pave paya, kana mudzidzi akambosarudza kuzvisiya<br>• Mikana yemurume kana mudzimai wacho uye zvinogona kuguma zvaitika<br>• Mashoko nezvemikana yekuchinja mhando yevhiza.<br>• Mashoko nezvemavhiza eU neeT. (Kuudzwa gweta repamutemo rezvekupinda munyika raunogona kuona)<br>• Kuudzwa gweta repamutemo raunogona kuona | Evashandi eH-1B, O-1, E-3, kana eTN<br>• Mikana yokuzorora basa, uye zvinogona kuguma zvaitika nezvemamiriro ekuva kwako munyika<br>• Mikana yemurume kana mudzimai wacho uye zvinogona kuguma zvaitika<br>• Mashoko nezvemikana yekuchinja mhando yevhiza. Kuudzwa gweta repamutemo rezvekupinda munyika raunogona kuona<br>• Mashoko nezvemavhiza eU neeT. (Kuudzwa gweta repamutemo rezvekupinda munyika raunogona kuona)<br>• Kuudzwa gweta repamutemo rezvekupinda munyika raunogona kuona<br>• Nyaya isati yapera yekuva mugari wechigarire wemuU.S. (usati wawana kadhi regirini)<br>• Zvinoitika kana ukasiya basa nepo mushandirwi wako anga anyorera kuti uve mugari wechigarire;<br>• Kuudzwa gweta repamutemo raunogona kuona |

**Chii chinonzi gweta rezvekupinda munyika uye rinoita basa rei?**

Magweta ekupinda munyika magweta epamutemo anonyanya kushanda nenyaya dzemitemo yekupinda munyika. Vanoshanda sevamiririri vemunhu, uye vanogona kumumiririra kuvanoona nezvekupinda munyika, mumatare avo kana pakunyorera ruyamuro runopihwa vanenge vapinda munyika. Magweta acho anogona kupa mazano uye anogona kukuudza kuti wosarudza pane zvipi. Sezvinongoita magweta ese, magweta ekupinda munyika anosungirwa kutevedza tsika uye mitemo, uye kuchengetedza zvamunenge makurukura zvisingazivikanwi nevamwe.

**Ndekupi kwandingawane gweta rezvekupinda munyika?**

| | |
|---|---|
| VeU.S. Citizenship and Immigration Services (USCIS), rinova chikamu cheDepartment of Homeland Security (DHS), rine nzvimbo mbiri dzepaIndaneti dzinobatsira vanhu kuwana magweta anovamiririra pachena kana pamutengo wakaderera:<br>USCIS: Wana Rubatsiro Papeji reIndaneti Revanhu Vese     USCIS: Wana Rubatsiro Papeji reIndaneti Revanhu Vese | |
| VeBoard of Immigration Appeals (BIA) vane mazita emagweta ehurumende anopa ruyamuro rwezvekupinda munyika, pachena kana pamari shoma chaizvo. | |
| VeAmerican Immigration Lawyers Association (AILA) vanopa vadzidzi Ruyamuro Rwekuwana Gweta Rezvekupinda Munyika paIndaneti. | |
| VeAmerican Bar Association vanopawo mashoko nezvekuwana mazano ezvemitemo pachena kubva kuhurumende. | |